



SUMATIF TENGAH SEMESTER (STS) GANJIL

SMP KATOLIK "ST. YUSTINUS DE YACOBIS"

TAHUN AJARAN 2024 – 2025



Nama Peserta :

Kelas :

Nomer Peserta :

Pilihen salah siji wangsulan sing bener!

Wacanen teks ing ngisor iki kanggo mngsuli pitakon nomer 1-5!

Uwuh Bisa Ndadekake Rupiyah

Jinis uwuh kuwi bisa diolongake saka sifat lan wujud. Adhedhasar sifate, ana uwuh organik lan uwuh anorganik. Uwuh organik mujudake uwuh sing gampang bosok, upamane sisa-sisane panganan, gegodhongan, lan sapanunggalane. Dene uwuh anorganik mujudake uwuh sing ora gampang bosok, upamane plastik, kayu, kaca, kaleng lan sapanunggalane. Uwuh organik didadekake kompos kanggo rabuk, dene uwuh anorganik bisa dijenang maneh (daur ulang) bisa didadekake barang-barang kang luwih migunani.

Adhedhasar wujud, ana uwuh padhet, cuwer, alam, konsumsi, lan radhioaktif. Uwuh padhet iku uwuh sing wujud atos, kayata uwuh pawon, kebon, plastik, gelas, la sapanunggalane. Uwuh organik lan uwuh anorganik bisa digolongake dadi uwuh padhet. Wuh cuwer mujudake bahan-bahan cuwer utawa banyu (cair) sing wis digunakake. In ora diperlokake maneh, upamane banyu saka pakiwan (kamar mandi/toilet) saka pawon, banyu sisa-sisane kumbahan, lan limbah utawa uwuh cuwersing diasilake saka kegiatan industri pabrik. Uwuh alam mujudake uwuh diasilake saka proses alam, upamane gegodhongan sing rontok kang bisa diolah dadi rabuk kompos. Uwuh konsumsi, uwuh sing diasilake saka kegiatan konsumsi manungsa kang dibuwang ing pawuhan (tempat sampah). Dene uwuh radhioaktif yaiku uwuh nuklir sing mujudake asil saka proses nuklir kang ngasilake uranium lan thorium. Uwuh radhioaktif iki bebayani banget tumrap lingkungan lan panguripane manungsa jalaran bisa ngasilake radhiasi ala tumrap lingkungan penguripane manungsa jalaran bisa ngasilake radhiasi ala tumrap kesehatan manungsa.

Senajan mung awujud uwuh sing kaya –kaya wis ora kanggo kang kadhangkala ndadekake dredah lan masalah, nanging menawa manungsa gelem mbudidaya lan gelem ngupakar kanthi becik pranyata bisa mupangati lan bisa nekakake rupiyah utawa bisa dadi dhuwit. Mulane bab uwuh iki yo diopeni kanthi becik, murih bisa mumpangati lan ora njlari anane masalah maneh.

1. Sing diarani uwuh yaiku

A. Material bakal samubarang

B. Barang – barang sing ora kanggo

- C. Material sisane samubarang
 - D. Barang sing isih durung dadi
2. Ing ngisor iki sing mujudake tuladhane uwuh organik yaiku
 - A. Gegodhongan, plastik, kresek
 - B. Gegodhongan, lan sisane panganan
 - C. Sisane panganan , kaleng, kertas
 - D. Sisane panganan, kresek, karet
 3. Jenis uwuh sing diasilake saka proses alam diarani
 - A. Uwuh cuwer
 - B. Uwuh konsumsi
 - C. Uwuh alam
 - D. Uwuh radhioaktif
 4. Bahan-bahan sing mbanyu (cair) lan wis ora diperlokake maneh diarani
 - A. Uwuh cuwer
 - B. Uwuh konsumsi
 - C. Uwuh alam
 - D. Uwuh radhioaktif
 5. Uwuh sing diaselake saka kegiatan panganane manungsa sing dibuwang ing pawuhan utawa tempat sampah diarani
 - A. Uwuh cuwer
 - B. Uwuh konsumsi
 - C. Uwuh alam
 - D. Uwuh radhioaktif
 6. Strukture teks asil observasi kang dumadi saka dheskripsi bagyan In dheskripsi manfaat diarani
 - A. Pembuka
 - B. Isi
 - C. Panutup
 - D. Saran
 7. Ukara ing ngisor iki sing nggunakake tembung kahanan yaiku
 - A. Manuke dara mabur dhuwur
 - B. Adhikku playune banter banget
 - C. Kodhokku olehe mencolot adoh
 - D. Dhik Hari olehe mangan suwe
 8. Ukara ing ngisor iki kang nggunakake tembung katrangan yaiku
 - A. Handoko kuwi tibake panganane akeh
 - B. Anane kesel merga aku mlayu banter
 - C. Nardi sakiki isih duwe sapi lemu-lemu
 - D. Mas Kiki sandhangane reged kabeh

9. Manawa ora duwe dhuwit, ya ora usuh tuku sepedhah
 Ukara ing ndhuwur yen diowahi basa krama alus dadi ...
- A. Menawi boten kagungan arta , nggih boten sisah tumbas sepedhah
 - B. Menawi boten gadhah arta , nggih boten sisah tumbas sepedhah
 - C. Menawi boten kagungan arta , nggih boten sisah mundhut sepedhah
 - D. Menawi boten gadhah arta , nggih boten sisah mundhut sepedhah

Soal Pilihan Ganda Kompleks (Wangsulun luwih saka siji)

10. Gatekna wacan ing ngisor iki!

Uwuh ing masyarakt bisa kaperang dado loro, yaiku organik lan anorganik. Uwuh organik yaiku saenehing uwuh sing dumadi saka tetuwuhan utawa urip-uripan. Upamane sisa panganan, godhong, lan liya-liyane. Dene uwuh anorganik yaiku uwuh sing dumadi saka proses prodhuksi kanthi cara kimia, upamane wesi, kaca, plastik, lan liya-liyane. Sakabehing uwuh mau menawa ora diopeni kanthi becik mesthi nuwuhake ambu sing ora enak lan pungkasane bisa nyebabake lelara

Pratelan ing ngisor iki sing cocog karo wacan ing dhuwur yaiku

- A. Jenise uwuh iku ana loro, yaiku uwuh organik lan anorganik
 - B. Uwuh anrganik iku dumadi saka tetuwuhan (urip-uripan)
 - C. Uwuh organik uwuh sing dumadi saka proses prodhuksi
 - D. Uwuh jinis apa wae bisa nuwuhake ganda lan njalari lara
11. Ukara-ukara ing ngisor iki sing nggunakake tembung keterangan yaiku
- A. Kanca-kancaku esuk mau olehe mangan mung sethithik
 - B. Srungku suwek merga kecanthol paku ing gawangan kono
 - C. Omahe gedhe banget mulane dienggoni wong akeh sedheng
 - D. Adhikmu mau olehe maca lirih banget, Bu Guru ora mireng
12. Titikane basa teks laporan observasi yaiku
- A. Isi teks kudu objektif
 - B. Ditulis leladhesan kasunyatan nalika nindhakake pengamatan
 - C. Migunakake basa kang endah
 - D. Ngemot bab-bab kang yimpang saka kasunyatan
13. Jodhokno jinise tembang ing ngisor iki karo katerangan ing sisih tengene!

Tembung aran

Tembung sing awèh katerangan marang solah Bawa (nerangake tembung kriya)

Tembung kriya

Tembung sing nerangake solah bawa utawa Tumindak

Tembung kaanan

Tembung sing nerangake barang utawa apa wae sin sing dianggap barang.

Tembung katerangan

Tembung sing nerangake kaanan utawa sipate barang (nerangake tembung aran)

14. Jodokno undha – suk basa ing ngisor iki karo ukara ing sisih tengene

Ngoko lugu	Dhik Rini mangke anggenipun wngsul radi telat amargi taksih sinau kelompok
Ngoko alus	Aku mau sakjane yo wis matur marang Bu Tanti, nanging Bu Tanti ora mireng
Krama lugu	Anggen kula sowan dhateng mriki saperlu badhe matur kaliyan Panjenengan
Krama alus	Saupama aku mengko dening ibuku kok ora diijini, aku ora sido melu budhal

Wacan ing ngisor iki wacanen kanggo mangsuli pitakon nomer 15-20!...

Katon lingkungan kang katon kumuh. Reseg pating blasah ora karu-karuan. Andi mlaku menyang omahe kang ana ing kampung kuwi.

Andi : “Buk e, Buk...., Buk ! Aku mulih.”
 Bu Siti : (Cepet-cepet metu ngarep omah lan mbukakake lawang) “kowe wis bali, le?”
 Andi : (Mlebu menyang omah barengan Bu Siti) “Inggih, bu, dinten niki kula angsal arta kathah.”
 Bu Siti : “Wah, ya syukur yen ngono. Kena dienggo blanja. Endi dhuwite?”
 Andi : (Karo njupuk saka sake lan njupuk dhuwit asil olehe saka dodol korane banjur ngaturake dhuwite marang bu Siti) “Niki, Bu.”
 Bu Siti : (Sinambi nampani dhuwit karo ekspresi kang kaget). Hah , kadingaren. Kok akeh tenan iki!”
 Andi : “Niku ingkang tumbas anakipun tiyang sugih, piyambake sanjang jupuken bae sisane.”
 Bu Siti : “Wah kok apik tenan arek iku? Kowe wis ngomong matur suwun?”
 Andi : “Sampun, Bu. Piyambake pancen loman, ananging sombong, mantun tumbas koran kula langsung di usir.
 Bu Siti : “Oh ngono ta. Tibake wong sugih ing ngendi-endi padha wae ya. Ya wis ora apa-apa awake dhewe kusu sabar.”
 Andi : “Ampun ngrasani tiyang sanes.”, mangke mindhak dosa.”
 Bu Siti : “O iya, sing enting kowe wis diwenehi dhuwit satus ewu. Ya wis gek ndang adus kana! Byuh kringete pancen mambu banget>’
 Andi : “Inggih, Bu,”

15. Yen dideleng saka wujud teks ing dhuwur diarani teks

- A. Tembang
- B. Geguritan
- C. Drama
- D. Narasi

16. Andi nggunkake basa
- A. Ngoko lugu
 - B. Ngoko alus
 - C. Krama lugu
 - D. Krama alus
17. Ibu nggunakake basa
- A. Ngoko lugu
 - B. Ngoko alus
 - C. Krama lugu
 - D. Krama alus
18. Ora kaya biasane Andi isih isuk wis mulih jalaran
- A. Ora sida dodol koran
 - B. Kepengin njupuk koran
 - C. Olehe dhuwit wis akeh
 - D. Arep dijak lunga ibu
19. Kahanan kang kagambarake jroning teks drama ing dhuwur yaiku
- A. Nyenengake
 - B. Mrihatinake
 - C. Seneng banget
 - D. Lucu banget
20. Pesan moral kang kinandhut sajroning teks drama ing dhuwur yaiku
- A. Dadi manungsa kuwi kudu sabar, yen wis sugih aja sombong
 - B. Wong urip kuwi kudu sregep nyambut gawe supaya bisa sugih
 - C. Senajan ta dadi wong sugih kudu tetep sregep nyambut gawe
 - D. Sapa sing seneng tetulung marang wong liya bakal nampa piwales

Pilihan Ganda Kompleks (wangsulane luwih saka siji)

21. Adhedhasar bab pangertene perangane alur ing ngisor iki sing bener yaiku
- A. Sing diarani eksposisi yaiku perangane crita sing nuduhake dumadine anane konflik sajroning adegan-adegan lan kena diarani tekan ing pucuking masalah kang njalari penonton padha gregeten
 - B. Sing diarani komplikasi yaiku perangane crita sing nuduhake wiwit anane dredah (konflik) ing antarane paraga utama karo paraga liyane
 - C. Sing diarani klimaks, yaiku lumakune crita diwiwiti saka pengenalan para paraga, pengenalan setting (panggonan, wektu, lan swasana)
 - D. Sing diarani anti klimaks, yaiku perangane crita adegan drama ngenani klimaks ing saben adegan nyawiji In wiwit nemokake dalan kanggo ngudhari reruwet

22. Andharan bab pengertene paraga ing ngisor iki sing bener yaiku

- Paraga antagonis yaiku paraga sing nengahi antarane paraga tritagonis karo paraga protagonis, lumrahe nyengkuyung tokoh protagonis
- Paraga protagonis yaiku paraga sing tumindake becik/bener, biasane disenengi penonton
- Paraga tritagonis yaiku paraga sing tansah lelawanan karo paraga utama, biasane digething penonton
- Paraga utama yaiku paraga sing dadi punjering lakon jln jroning lakon paraga utama iku terus dimainake

23. Babagan kang kudu digatekake ing sandhiwara yaiku

- A. Nduweni kreasi nalikaning nindakake paraga
B. Maragakake kanthi wajar ora digawe-gawe
C. Paraga kang ditindhakake dipadhake kalawan watak
D. Maragakake kanthi gladhen panggung

24.Kang kudu digatekake ing pambuka sandhiwara yaiku

- A. Panggonan lan ektu sandhiwara dipentasake
- B. Panulis sandhiwara (menawa dimangerteni)
- C. Kepriye isine sandhiwara, gampang dimengerti apa ora
- D. Kpriye pacelahone kang dinggo ana ing sandhiwara

25.Kang kudu digatekake ing isi sandhiwara yaiku

- A. Panggonan lan wektu sandiwara dipentasake
B. Panulis sandhiwara (menawa dimengerti)
C. Kepriye isine sandhiwara, gampang dimengerti pa or
D. Kepriye pacelahon kang dienggo ana ing sandiwara

26. Jenise sandhangan iku ana telu. Ing ngisor kang kalebu sandangan wyanjana yaiku

U

A.

١

B.

C.

3

D.

م

27. Aksara jawa ing ngisor iki unine

អំណាចតំណាងរាស្ត្រ

28. Aksara jawa ing ngisor iki unine

A. Aku toko soto nang benowo
B. Aku toko bakso nang benowo
C. Aku toko kare nang benowo
D. Aku toko basreng nang benowo

A. Sopo sing turu ing kamar
B. Sapa sing turu ing kamar
C. Sapa sing mangan ing kamar
D. Sopo sing mangan ing kamar

A. Kreta kencana rodo papat
B. Kreta kencono rodo papat
C. Kreta kencana rodo lipat
D. Kreta kencono rodo papat

